

VAKSEN EPATIT B

SAW BEZWEN KONNEN

1. Poukisa pou pran vaksen an?

Epatit B se yon maladi ki serye

Viris epatit B a (HBV) ka lakoz maladi sibit a kou tèm ki ka vin bay maladi tankou:

- pèdi apeti
- Dyare ak vomisman
- fatig
- lajònis (po oubyen zye jòn)
- doulè nan mis, nan jwenti ak nan vant

Li ka lakoz maldi kwonik a lon tèm tou ki ka vin bay maladi tankou:

- Pwoblèm nan fwa (siwoz)
- Kansè nan fwa
- Lanmò

Apre 1.25 milyon moun Ozetazini gen enfeksyon epatit B.

Chak ane yo estime ke:

- 80,000 moun, pifò ladan yo timoun enfekte avèk viris epatit B
- Gen plis ke 11,000 moun ki oblije entène lopital akoz de epatit B
- Gen plis ke 4,000 a 5,000 moun ki mouri avèk epatit B

Vaksen Epatit B ka anpeche moun fè epatit B. Se premye kalite vaksen kont kansè li ye paske li ka anpeche yon tip de kansè.

2. Kòman epatit B epapiye?

Viris epatit B a epapiye nan touche san ak lòt bagay ki soti nan kò yon moun ki enfekte. Yon moun ka enfekte nan plizyè fason tankou:

- nan fè sèks san pwotèj avèk yon moun ki enfekte
- nan pataje egwi lè moun ap pran dwòg ilegal
- lè yon moun pike avèk yon egwi nan travay li
- nan akouchman lè manman ki enfekte pase viris la ti bebe yo

Apre 1/3 yon moun ki enfekte avèk viris epatit B a Ozetazini pa konn kòman yo te pran li.

3. Ki moun ki sipoze pran vaksen epatit B a e ki lè?

- 1) Nenpòt moun ki gen 18 an oubyen pi plis ke sa
- 2) Granmoun ki gen plis ke 18 an ki gen chans pou yo genyen li

Men moun ki gen chans pou yo enfek te avèk viris epatit B a:

- moun ki gen plis ke yon patnè li fè sèks avèk li nan yon entèval de 6 mwa
- gason ki fè sèks avèk gason parèy yo
- kontak seksyèl avèk moun ki enfekte
- moun ki pran dwòg ilegal nan egwi
- anplwaye nan domèn sante ak sekirite piblik ki ka ekspoze a san oubyen bagay ki soti nan kò moun ki enfekte
- nan sèvi avèk yon seri de bagay moun ki enfekte avèk viris kwonik epatit la ki abite nan menm kay avèk ou ap sèvi avèk yo tou
- pasyan ki resevwa lavaj san (hemodialisis)

Si w pa si si w gen chans oubyen si w pa gen chans pou fè epatit B, mande doktè oubyen enfimyè w.

✓ **Moun tasipoze pran 3 dòz vaksen epatit B dapre orè sa a.** Si w manke yon dòz oubyen ou an reta dapre orè a, pran pwochen dòz la osito ke w kapab. Ou pa bezwen al rekòmanse nèt ankò

Orè vaksen epatit B a	Ki moun?		
	Ti bebe ki gen manman yo enfekte avèk viris epatit B a	Ti bebe ki pa gen manman yo enfekte avèk viris epatit B a	Lòt timoun, jèn timoun oubyen granmoun
Premye dòz la	nan 12 premye èdtan ti bebe a fèt la	Nesans – 2 mwa daj	Nenpòt lè
Dezyèm dòz la	1–2 mwa daj	1–4 daj (omwen yon mwa aprè premye dòz la)	1-2 mwa aprè premye dòz la
Twazyèm dòz la	6 mwa daj	6–18 mwa daj	4-6 mwa aprè premye dòz la

- Ou dwe pran dezyèm dòz la yon mwa aprè premye dòz la.
- Ou dwe pran twazyèm dòz la omwen 2 mwa aprè dezyèm dòz la epi omwen 4 mwa aprè premye dòz la.
- Ti bebe ki gen mwens ke 6 mwa pa ta dwe pran twazyèm dòz la, paske sa ka redwi pwoteksyon a lon tèm.

Jèn timoun ant 11 a 15 an ka sèlman bezwen 2 dòz vaksen epatit B a, yo sipoze tann 4 a 6 mwa anvan yo pran dezyèm dòz la. Mandè moun ki ba w swen sante w la plis detay.

Ou ka pran vaksen epatit B a ansanm avèk lòt vaksen.

vaksen epatit B oubyen yo ta

Yon moun pa ta dwe pran vaksen epatit B a si li te fè yon gwo alèji avèk ledven yo rele **baker's yeast** la ki te menase lavi l (se kalite ledven yo fè pen an) oubyen si li te fè yon gwo alèji avèk yon **premye dòz vaksen epatit B**.

Moun ki yon ti jan malad oubyen ki malad grav nan menm lè yo gen pou yo pran vaksen an ta dwe tann jiskaske yo fè mye navan yo pran vaksen epatit B a.

Mande doktè oubyen enfimyè w pou yo ba w plis enfòmasyon.

5. Ki risk ki genyen nan vaksen epatit B a

Yon vaksen tankou nenpòt lòt medikaman ka lakoz gwo pwoblèm tankou gwo alèji pa egzanp. Chans pou vaksen epatit B a ta koze pwoblèm grav oubyen lanmò piti anpil.

Pran vaksen epatit B a pi an sekirite anpil ke fè maladi epatit B a.

Pifò moun ki pran vaksen epatit B a pa gen oken pwoblèm avèk li.

Pwoblèm ki pa grav

- Kote yo ba w vaksen an ka fè w mal, e sa ka dire youn a de jou (sou chak 11 timoun ak jèn timoun ki pran vaksen an sa rive youn nan yo, e li rive 1 granmoun sou chak 4 granmoun ki pran l)
- Yon ti lafyèw (sou chak 14 timoun ak jèn timoun ki pran vaksen an sa rive youn nan yo, e li rive 1 granmoun sou chak 100 granmoun ki pran l)

Pwoblèm ki grav

- Gwo alèji grav (se yon bagay ki trè ra)

6. Sak pase si m fè yon alèji ki pa grav oubyen yon gwo alèji grav aprè m fin pran vaksen an?

Ki siy pou m ta siveye?

Nenpòt pwoblèm dwòl ou pat konn genyen anvan: tankou gwo lafyèw oubyen chanjman nan konpòtman w. Gwo alèji grav se yon bagay ki ra anpil lè yon moun pran nenpòt vaksen. Si sa ta rive w, lap rive nan kèlke minit jiska kèlke èdtan apre ou fin pran vaksen an. Ou ka ka siy tankou difikilte pou respire, anwe, oubyen esoufleman/las, gratèl, po w vin pal, feblès, kè w ap bat vit oubyen toudisman.

Kisa m ta dwe fè?

- Telefònè yon doktè, oubyen Mennen moun nan kay doktè touswit.
- Di doktè a sak te pase, dat ak lè li te pase, epi ki lè ou te pran vaksen an.
- Mande doktè w la, enfimyè w la oubyen depatman sante a pou l ranpli fòm kote yo dokimante moun ki fè gwo alèji avèk vaksen yo pou ou "Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS) form", oubyen telefònè depatman sa a oumenm pou kont ou nan 1-800-822-7967.

7. Pwogram Nasyonal pou Konpanse Moun Vaksen Bay Gwo Pwoblèm.

Si oumenm oubyen pitit ou ta vin fè yon alèji grav avèk yon vaksen, gen yon pwogram federal yo mete sou pye pou ede w peye pou swen moun ke vaksen koze gwo pwoblèm.

Pou plis detay sou Pwogram Nasyonal pou Konpanse Moun Vaksen Bay Gwo Pwoblèm, telefònè 1-800-338-2382 oubyen vizite yo nan entènèt la nan adrès sa a: <http://www.hrsa.gov/osp/vicp/>

8. Kòman pou m fè pou m aprann plis de sa?

- Mande doktè oubyen enfimyè ou. Yo ka ba w yon pake enfòmasyon sou vaksen an oubyen yo ka refere w lòt kote pou jwenn enfòmasyon.
- Rele pwogram vaksen depatman sante vil oubyen eta kote ou rete a.
- Kontakte Sant ki Kontwole epi Prevni Zafè Maladi a "the Centers for Disease Control and Prevention" (CDC):
 - Call 1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)
 - Tcheke Pwogram Nasyonal pou Zafè Vaksen an nan entènèt la nan adrès sa a: <http://www.cdc.gov/nip> oubyen Depatman Epatit Viral Sant ki Kontwole epi Prevni Zafè Maladi a (CDC) nan: <http://www.cdc.gov/hepatitis>

U. S. DEPARTMENT OF HEALTH AND HUMAN SERVICES
Centers for Disease Control and Prevention
National Immunization Program

Vaccine Information Statement
Hepatitis B (7/11/2001) Haitian Creole 42 U.S.C §

Translation provided by Massachusetts Dept. of Public Health